



Lis Kontwòl Sante pou Elèv BPS Tcheke Tèt yo Lakay yo

Evalyasyon Sante Lakay Chak Jou

Fanmi Lekòl Piblik Boston yo (BPS) dwe obsève pitit yo pou sentom (siy) viris COVID-19 la chak jou avan lekòl kòmanse. Genyen kèk sentom COVID-19 ki sanble avèk sentom grip oswa yon gwo rim; tanpri pa asime ke se yon lòt kalite kondisyon. Si w ta genyen okenn dout, **rete lakay ou** epi rele founisè swen sante w la (doktè w). **PITIT OU A DWE RET LAKAY LI** si ke li menm, oswa okenn lòt moun nan kay la, genyen okenn nan sentòm suivan yo:

- Fyèb (100,0° degre Farenheit, oswa pi wo, san l pa pran okenn medikaman pou bese fyèb la), frison (refwadisman), oswa frison avèk latranblad
- Tous
- Difikilte pou respire oswa souf kout (etoufman)
- Yon nouvo pèt gou oswa sant (pa ka ni goute ni santi anyen)
- Gòj fè mal
- Tèt fè mal
- Misk fè mal oswa kò fè mal
- Noze, vomisman, oswa dyare
- Fatig
- Nen bouche oswa nen k ap koule larim

OSWA

- **Nenpòt elèv ki an kontak pwòch avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19** dwe rete lakay e rete an karantèn pou 10 jou, apati dat li te dènye an kontak avèk moun nan.
- **Si ou resaman te vwayaje andeyò eta Massachusetts:** tanpri gade lòd aktyèl yo (nan pati anba a) ki anrapò avèk vwayaj andeyò eta a. Pitit ou a ap oblije mete tèt li an karantèn pou 10 jou - esepite nan ka kote ke
 - yon elèv, laj 11 an oswa ki pi gran, genyen yon rezilta tès COVID-19 ki negatif ke yo te ba l fè pa pi plis ke 3 jou avan l te rantre Massachusetts
 - yon elèv, laj 10 an oswa ki pi jèn, ki genyen yon paran oswa gadyen responsab ki genyen yon rezilta tès COVID-19 ki negatif ke yo te ba l fè pa pi plis ke 3 jou avan li te rantre Massachusetts.



- **TOUT elèv** dwe mete tèt yo an karantèn oswa satisfè regleman tès 3 jou a si y ap rantre sot nan yon vwayaj entènasyonal (sètadi: andeyò peyi a).

Si pitit ou a genyen okenn sentòm:

- li dwe rete lakay li e founisè swen medikal li dwe evalye l pou konsidere si l bezwen fè yon tès COVID-19.
- paran/gadyen responsab yo dwe rapòte absans lan bay administrasyon lekòl la ak enfimyè lekòl la, epi note si absans lan anrapò ak COVID-19.
- mete enfimyè lekòl la okouran de nenpòt rekòmandasyon ke founisè swen medikal la bay, alekri, avan elèv la kapab retounen lekòl.

Pwosedid pou Fè Tès

- Rele doktè premye swen w lan, sant sante kominotè lokal ou a, osinon sant tès COVID-19 lokal ou a. Yon lis sant tès yo nan tout eta Massachusetts la disponib sou sit entènèt: [mass.gov/info-details/about-covid-19-testing](https://www.mass.gov/info-details/about-covid-19-testing) epi w kapab jwenn yon lis sant tès yo nan tout vil Boston sou sit entènèt: [boston.gov/departments/public-health-commission/map-covid-19-testing-sites](https://www.boston.gov/departments/public-health-commission/map-covid-19-testing-sites). Genyen kèk sant ki kapab egzije yon evalyasyon preliminè, yon rekòmandasyon (yon referans), ak/oswa yon randevou.
- Rele enfimyè lekòl ou a pou asistans.

Vwayaj Deyò Eta a oswa Deyò Peyi a

Tout vwayajè k ap rantre nan eta Massachusetts – pami yo moun ki abite Massachusetts k ap retounen lakay yo – anba obligasyon pou yo mete tèt yo nan karantèn pou 10 jou. Genyen kèk esepsyon pou [restriksyon Gouvènè a met an plas pou afè vwayaj](https://www.mass.gov/info-details/covid-19-travel-order) (<https://www.mass.gov/info-details/covid-19-travel-order>); vwayajè ki sot nan yon ti lis eta ki prè nou, oswa eta vwazen, genyen yon egzansyon pou machasiv sa a, e yo pa bezwen mete tèt yo nan karantèn pou 10 jou. Tanpri refere tou a [Regleman Vil Boston Etabli sou Afè Vwayaj](https://docs.google.com/document/d/1c1d0l8Vett9bcg6qiaJRpKReMWqjZsJB9tuv5WP-bC4/edit?usp=sharing) (<https://docs.google.com/document/d/1c1d0l8Vett9bcg6qiaJRpKReMWqjZsJB9tuv5WP-bC4/edit?usp=sharing>).